Dáslepki maǵlıwmatlarǵa bola, 2025-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha jalpı aymaqlıq ónim (keyingi orınlarda - JAÓ) kólemi ámeldegi bahalarda 36 814,1 mlrd. somdı quradı hám 2024-jıldıń yanvar-sentyabr ayları menen salıstırǵanda 6,1 % ke ósti.

JAÓ deflyator indeksi 2024-jıldıń yanvar-sentyabr ayları bahalarına salıstırǵanda 107,1 % ti quradı.

Ózbekstan Respublikası boyınsha JAÓ niń qáliplesiwinde Qaraqalpaqstan Respublikasınıń qosqan úlesi 2,8 % ke jetti.

## 2025-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında Qaraqalpaqstan Respublikasında islep shıǵarılǵan jalpı aymaqlıq ónim






- JAÓ ósim páti
- JAÓ kólemi
- JAÓ deflyator indeksi
- JAÓge qosqan úlesi

## 2025-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha JAÓ niń islep shıǵarıw kólemi hám ósim pátleri

| | *Mlrd. som* | | **Ósim pátleri,** *Ótken jılǵa salıstırǵanda, % te* |
|---|---|---|---|
| | *2024-jıl* | *2025-jıl* | |
| **I. JAÓ, jámi** | **32 405,7** | **36 814,1** | **106,1** |
| *sonnan:* | | | |
| tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı | 31 404,5 | 35 962,4 | 106,0 |
| Ónimlerge bolǵan salıqlar | 1 001,2 | 851,7 | 107,4 |
| **II. Tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı** | **31 404,5** | **35 962,4** | **106,0** |
| **awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı** | **6 149,9** | **6 948,9** | **103,7** |
| **sanaat (qurılıstı qosqan jaǵdayda)** | **9 578,8** | **10 473,8** | **104,7** |
| sanaat | 6 959,5 | 7 429,3 | 102,6 |
| qurılıs | 2 619,3 | 3 044,5 | 110,4 |
| **xızmetler** | **32 405,7** | **36 814,1** | **107,7** |
| sawda, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler | 5 179,3 | 6 185,4 | 110,5 |
| tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs xızmetleri | 2 078,6 | 2 461,0 | 110,3 |
| basqa xızmetler | 8 417,9 | 9 893,3 | 105,4 |

# JALPÍ AYMAQLÍQ ÓNIMDI ISLEP SHÍǴARÍW



Tómende keltirilgen infografikadan kórinip turǵanı sıyaqlı, xalıq jan basına esaplanǵan JAÓ 18 061,1 mıń somdı qurap hám bul kórsetkish ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 4,7 % kóbeygen.

## 2025-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında xalıqtıń jan basına esaplanǵan JAÓ niń kólemi

*(mıń somda)*

| | |
|---|---|
| 2024-jıl | 16 101,5 |
| 2025-jıl | 18 061,1 |

## 2025-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında xalıqtıń jan basına esaplanǵan JAÓ niń ósim pátleri

*(ótken jılǵa salıstırǵanda, % te)*

| | |
|---|---|
| 2024-jıl | 5,0 % |
| 2025-jıl | 4,7 % |

## Yanvar-sentyabr aylarında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha JAÓ niń quramı
*(jámine salıstırǵanda % te)*

| | *2024-jıl* | *2025-jıl* |
|---|---|---|
| **I. JAÓ, jámi** | **100,0** | **100,0** |
| *sonnan:* | | |
| tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı | 96,9 | 97,7 |
| ónimlerge bolǵan salıqlar | 3,1 | 2,3 |
| **II. Tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı** | **100,0** | **100,0** |
| **awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı** | **19,6** | **19,3** |
| **sanaat (qurılıstı qosqan jaǵdayda)** | **30,5** | **29,2** |
| sanaat | 22,2 | 20,7 |
| qurılıs | 8,3 | 8,5 |
| **xızmetler** | **49,9** | **51,5** |
| sawda, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler | 16,5 | 17,2 |
| tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs xızmetleri | 6,6 | 6,8 |
| basqa xızmetler | 26,8 | 27,5 |

# JALPÍ AYMAQLÍQ ÓNIMDI ISLEP SHÍǴARÍW

2025-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında aymaq ekonomikasınıń barlıq tarmaqlarında jaratılǵan jalpı qosılǵan qun (JQQ) kólemi ulıwma JAÓ niń 97,7 % in, ónimlerge sap salıqlar bolsa 2,3 % in quradı.

Esabat dáwirinde awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵınıń JAÓ niń tarmaqlar boyınsha quramındaǵı úlesi 19,3 % ti, sanaat tarawı 20,7 % ti, qurılıs 8,5 % ti hám xızmetler tarawı 51,5 % ti quradı.

## Yanvar-sentyabr aylarında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha JAÓ quramı *(jámine salıstırǵanda % te)*

**2024-jıl**




**2025-jıl**




*Jalpı qosılǵan qunı*   *Ónimlerge bolǵan salıqlar*

JAÓ ósiwine awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı tarmaǵı 0,7 p.p. (2024-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında – 0,7 p.p.), sanaat tarawı – 0,6 p.p. (2024-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında – 1,4 p.p.), qurılıs tarawı – 0,8 p.p. (2024-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında - 0,7 p.p.) hám xızmet kórsetiw tarawı – 3,8 p.p. (2024-jıldıń yanvar-sentyabride – 3,3 p.p.) unamlı úles qostı.

Ónimlerge bolǵan salıqlardıń ósiwi esabına JAÓ 0,2 p.p. (2024-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında - 0,4 p.p.)ke kóbeygen.

**2025-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında JAÓ ósiwinde tarmaqlardıń úlesi**
*(jámine salıstırǵanda % te)*



# JALPÍ AYMAQLÍQ ÓNIMDI ISLEP SHÍǴARÍW

2025-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında JAÓ niń ósiwi aymaq ekonomikasınıń tiykarǵı tarmaqlarındaǵı unamlı ósiw pátleri menen baylanıslı. Ósiw pátleri awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵında 103,7 % (JAÓ niń tarmaqlar boyınsha quramındaǵı úlesi – 19,3 %), sanaatta – 102,6 % (úlesi 20,7 %), qurılısta – 110,4 % (úlesi 8,5 %), xızmetler tarawında – 107,7 % ti (úlesi 51,5 %) quradı. Xızmetler tarawı quramında ósiw pátleri sawda, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetlerde 110,5 % (úlesi 17,2 %), tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs 110,3 % (úlesi 6,8 %) xızmet kórsetiwshi basqa tarawlarda 105,4 % (úlesi 27,5 %) ten ibarat boldı.

## Yanvar-sentyabr aylarında JAÓ niń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha ulıwma ósim pátleri

*(ótken jılǵa salıstırǵanda, % te)*

| 2024-j. | | 2025-j. |
|---|---|---|
| 6,5 % | JAÓ | 6,1 % |
| 3,5 % | Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı | 3,7 % |
| 7,1 % | Sanaat | 2,6 % |
| 7,2 % | Qurılıs | 10,4 % |
| 7,3 % | Xızmetler | 7,7 % |

2025-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında JAÓ deflyatorı indeksi 2024-jıldıń yanvar-sentyabr aylarındaǵı bahalarǵa salıstırǵanda 107,1 % ti quradı. JAÓ deflyatori indeksiniń eń joqarı kórsetkishleri xızmetler tarawında – 109,8 % hám awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı tarawında – 109,0 % ti quradı.

## Yanvar-sentyabr aylarında JAÓ niń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha deflyator indeksi

*(ótken jılǵa salıstırǵanda, % te)*

| | 2024-j. | 2025-j. |
|---|---|---|
| JAÓ | 110,5 % | 107,1 % |
| Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı | 107,9 % | 109,0 % |
| Sanaat | 111,6 % | 104,1 % |
| Qurılıs | 105,4 % | 105,3 % |
| Xızmetler | 115,8 % | 109,8 % |

2025-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında kishi isbilermenliktiń kólemi 23 042,5 mlrd. somlıq bolıp *(2024-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında – 19 988,0 mlrd. som)*, JAÓ degi úlesi 64,1 % ti *(2024-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında – 63,6 %)* quradı.

Kishi isbilermenliktiń JAÓ degi úlesiniń ótken jılǵa salıstırǵanda ósiwi iri kárxanalar úlesiniń azayıwı menen baylanıslı.

## Yanvar-sentyabr aylarında kishi isbilermenliktiń kólemi hám JAÓ degi úlesi

*(jámine salıstırǵanda % te)*



| | Kólemi, mlrd. som | Úlesi, % te |
|---|---|---|
| 2024-jıl | 19 988,0 | 63,6 % |
| 2025-jıl | 23 042,5 | 64,1 % |

